
MEMORANDÒM

POU: Prezidan ak Manm
Komite Lekòl Boston

Ekspeditè Natan Kuder
Direktè Prensipal Finans

SIJÈ: Sibvansyon pou Apwobasyon

DAT: 28 Septanm 2022

Tanpri anekse sibvansyon yo pou apwobasyon Komite Lekòl la nan dat 28 septanm 2022. Kopi konplè pwopozisyon sibvansyon yo disponib pou w revize epi yo depoze nan Biwo Sekretè Komite Lekòl la.

Lekòl Piblik Boston

Drew Echelson, Siveyan Enterimè

Komite Lekòl Boston

Jeri Robinson, Prezidan

Vil Boston

Michelle Wu, Majistra



SIBVANSYON POU KOMITE LEKÒL LA

28 Septanm 2022

| Montan | Ane fiska I | Non sibvansyon an | Estat | Chèf Finans | Domèn Santral (yo) | Sit |
|---------------------|-------------|---|-------|---------------------|-------------------------------------|--|
| \$17,684,412 | 2023 | Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Andikape yo (IDEA). | Nouvo | Lauren Viviani | Edikasyon Espesyal | Nan tout distri a |
| \$543,847 | 2023 | Sibvansyon pou dwa edikasyon espesyal pou timoun piti | Nouvo | Lauren Viviani | Edikasyon Espesyal | Nan tout distri a |
| \$42,190,775 | 2023 | Tit I, Pati A: Amelyorasyon Pwogram Debaz yo | Nouvo | Yvonne Macrae | Mank posiblite | Nan tout distri a |
| \$2,805,462 | 2023 | Tit II, Pati A: Amelyore Kalite Edikatè yo | Nouvo | Charles Grandson | Efikasite edikatè yo | Nan tout distri a |
| \$2,201,482 | 2023 | Tit III - sipò LEP | Nouvo | Drew Echelson | Mank posiblite | Nan tout distri a |
| \$3,077,915 | 2023 | Tit IV – Pati A | Nouvo | Yvonne Macrae | Mank posiblite | Nan tout distri a |
| \$638,523 | 2023 | Massachusetts elaji tan pou aprann - BAA | Nouvo | Kenya Elisa-McLaren | Tan etid pwolonje | Akademi Atizay Boston |
| \$471,366 | 2023 | Sant Aprantisaj Kominotè 21 st Century | Nouvo | Kenya Elisa-McLaren | Tan etid pwolonje | Akademi entènasyonal E nouvo yo kirive Boston, Thomas Edison ak Eliot Innovation |
| \$148,750 | 2023 | Sant Aprantisaj Kominotè 21 st Century | Nouvo | Kenya Elisa-McLaren | Opòtinite Aprantisaj Elaji | Lekòl Fondamantal Lila G. Frederick Pilot |
| \$120,000 | 2023 | Pepinyè biznis pou edikasyon siperyè | Nouvo | Lydia Emmons | Preparasyon pou inivèsite ak karyèl | Nan tout distri a |
| \$69,882,532 | | Total | | | | |

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA - BPS23145

Non Sibvansyon an: Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Andikape yo (IDEA) Federal ansèyman espesyal 240

Estat: Nouvo

Kalite Sibvansyon: Dwa

Dat kòmansman ak finisman: 9/01/22- 8/31/23

Sous finansman: Eta

Kontak Donatè a: Julia Foodman
Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè Massachusetts
75 Pleasant Street, Malden, MA 02148-4906
Telefòn: (781) 338-3577
Imèl: jfoodman@doe.mass.edu

Depatman Dirijan BPS ak /oswa Lekòl yo: Ethan D'Ablemont Burnes, Siveyan Asistan, Biwo Edikasyon Espesyal

Manadjè Pwogram BPS: Lauren Viviani, Siveyan Asistan enterimè

Chèf Etablisman Chèf Lekòl la: Ethan D'Ablemont Burnes, Asistan Siyantandan, Biwo Edikasyon Espesyal

Kantite prim anyèl: \$17,684,412

Opsyon ranvwa: Wi

Kantite apwoksimatif elèv (oswa pwofesè, anplwaye biwo santral) ki sèvi: 12,022 elèv, ~118 anplwaye

Sit: Nan tout distri a

Patnè Ekstèn Prensipal : N/a

Deskripsyon Sibvansyon an

Sibvansyon Federal Pou Dwa Edikasyon Espesyal Pou Moun ki Andikape yo (IDEA) bay distri eskolè yo lajan pou asire elèv ki gen andikap e ki elijib yo resevwa yon edikasyon piblik gratis ak apwopriye ki gen edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ki fèt pou satisfè bezwen endividyèl yo. Pwiyorite sibvansyon an se: 1) asire tout timoun andikape yo gen aksè ak edikasyon piblik gratis epi apwopriye ki mete aksan sou edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ki fèt pou satisfè bezwen prensipal yo epi prepare yo pou kontinye edikasyon yo, jwenn travay ak viv poukont yo; 2) asire dwa timoun andikape ak paran yo pwoteje; 3) ede eta, lokalite yo, ajans sèvis edikasyonèl yo, ak ajans federal yo bay edikasyon pou tout timoun ki andikape yo; epi 4) evalye ak asire efikasite efò edikatif pou timoun andikape yo. (34 CFR § 300.1; otorite: 20 U.S.C. § 1400 (d).)

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peve Pou

~75% sibvansyon an atribye pou kouvri depans salè ak benefis ki asosye ak sèvis dirèk (pedagojik ak pwofesyonèl) ak sipò anplwaye. Sa gen ladan vis dirèk yo, koòdonatè konfòmite, espesyalis ABA, dirèkè pwogram lekòl segondè, konseye pedagojik, sikològ, manadjè edikasyon pwofesyonèl, sipò sekretè ak teknik, enklizyon pwofesè lekòl, founisè sèvis ki gen rapò ak parapwofesyonèl sèvis/kouvèti endividyèl.

~15% nan sibvansyon an atribye nan Sèvis Kontra, ki finansè ekolaj prive, sèvis kontra, alfabetizasyon ak entèvansyon, founiti pou opere ak teste pou klas edikasyon espesyal nan tout distri a

~Rès 10% sibvansyon an kouvri okasyon apre aktivite lekòl andeyò, ane lekòl pwolonje ak depans endirèk.

Objektif Espesifik, Mezirab, Atachab, Reyalis ak Tan Limite

Objektif #1: Pandan ane eskolè 2022-2023 la, BPS pral ogmante kapasite anplwaye yo lè li ajoute asistan direktè ak kowòdonatè edikasyon espesyal nan kèk domèn sible tankou konfòmite, twoub emosyonèl ak twoub espesifik aprantisaj. Ogmante kapasite anplwaye yo pral pèmèt lekòl atravè rejyon an benefisye plis sipò edikasyon espesyal, sa ki pral ldiminye edikasyon espesyal pou plis sipò ak resous pou elèv yo.

Endikatè: Konpare done ki sètifye yo nan ane2022-2023 ak ane2021-2022, pran opinyon chak lekòl an konsiderasyon konsènan efikasite resous adisyonèl ak sipò biwo santral la.

Objektif #2: Pandan ane eskolè 2022-2023, BPS pral ogmante pousantaj elèv ki nan enklizyon pasyèl ak konplè a 2% lè li kontinye elaji opòtinite pou klas enklizif atravè distri a epi ogmante sipò ansèyman nan klas edikasyon espesyal epi konsantre sou sipò ak sèvis ki nesesè pou ede elèv yo fè tranzisyon nan yon anviwonman ki pi enklizif.

Endikatè: Konpare enskripsyon nan klas enklizyon pou ane lekòl 2021-2023 ak enskripsyon nan klas enklizyon pou ane lekòl 2021-2022 epi maksimize itilizasyon sipò biwo santral la pou aplikasyon efikas opòtinite entegrasyon yo.

Objektif #3: Nan ane eskolè 2022-2023a, BPS pral diminye 2% parapò ak ane anvan yo kantite oryantasyon edikasyon espesyal klas la K-12 nan sipòte aplikasyon sistèm sipò plizyè nivo investisman nan pwogram lekòl yo ak fòmasyon pwofesè pou pwogram alfabetizasyon ak fonksyonman egzekitif.

Endikatè: Konpare ranvwa ane lekòl 2022-2023 ak ane eskolè 2021-2022 epi revize kòmantè pwofesè yo sou yon aplikasyon kontinyèl nan devlopman pwofesyonèl alfabetizasyon Wilson ak Orton Gillingham.

FÒMILÈ ADMISYON KOMITE LEKÒL LA – BPS23146

Non Sibvansyon an: Sibvansyon pou dwa edikasyon espesyal timoun piti

Estat: Nouvo

Kalite Sibvansyon: Dwa

Dat kòmansman ak finisman: 1/9/22 – 31/8/23

Sous finansman: Atravè eta federal

Kontak Donatè a: Cathy Kelley
51 Sleeper St., 4th floor, Boston, MA 02210
Telefòn: 617-988-2432
Imèl: cathy.kelley@state.ma.us

Depatman Dirijan BPS ak/oswa Lekòl (yo): Ethan D'Ablemont Burnes, Siveyan Asistan, Biwo Edikasyon Espesyal

Jesyonè Fon BPS: Lauren Viviani, Siveyan Adjwen Enterimè

Chèf Depatman/Responsab Lekòl: Ethan D'Ablemont Burnes, Asistan Siyentandan, Biwo Edikasyon Espesyal.

Kantite prim anyèl: \$543,847

Opsyon ranvwa: Non

Kantite elèv (oswa pwofesè, ki anplwaye nan biwo santral) sèvis apwoksimatif la:

Sit: nan tout distri a

Pwensipal kolaboratè ekstèn yo: Okenn

Deskripsyon Sibvansyon an

Pwogram Sibvansyon 262 ECSE (Early Childhood Special Education Entitlement) bay distri lekòl yo lajan pou asire timoun ki elijib ki gen laj 3, 4, ak 5 ane resevwa edikasyon espesyal ki apwopriye pou devlopman ak sèvis asosye ki fèt pou satisfè bezwen endividyèl yo an akò ak Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Andikape yo - 2004 (IDEA-2004) ak lwa ak regleman edikasyon espesyal Massachusetts.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye Pou

~90% nan sibvansyon an pral destine pou depans anplwaye ak pou bay sipèvizyon, devlopman pwofesyonèl, fòmasyon pou amelyore ansèyman ak pratik enklizyon ak sipò pou timoun piti. Anplis de sa, de anplwaye pral espesyalman vizite pwogram Head Start pou bay elèv yo sèvis pou chak IEP.

~2% sibvansyon an pral itilize pou achte founiti ansèyman apwopriye pou klas yo

~3% sibvansyon an pral resevwa lajan pou pwofesè ki bay devlopman pwofesyonèl ki baze sou konpetans linguistik pou elèv k ap aprann bonè.

~5% sibvansyon an pral itilize pou sipòte depans endirèk nan nivo distri a.

Objektif Espesifik, Mezirab, Atachab, Revalis ak Tan Limite

Objektif #1: Bay yon pwogram ki apwopriye pou laj epi ki enteresan atravè tèks ak materyèl manipilasyon klas la pou Ane Eskolè Pwolonje nan klas K0/K1 pou aprantisaj adistans/an pèsòn. BPS pral ofri opòtinite pou elèv ki gen andikap yo patisipe nan yon pwogram ki an amoni ak pwogram nan klas BPS Summer Focus ki ofri elèv yo edikasyon jeneral.

Endikatè: Bay materyèl pedagogik Ete Early Focus la nan 20 klas nan ane lekòl pwolonje ete 2022 a.

Objektif #2: Ap bay timoun yo plis opòtinite pou asire tout elèv yo plase nan yon anviwònman apwopriye ak sipò ki adekwa

Endikatè: Diminye kantite referans pou Edikasyon Espesyal nan 1%

Objektif #3: Kontinye ak efò yo te kòmanse nan ane lekòl 2019/2020 pou fòme pwofesè Early Childhood (K0/K1) ak parapwofesyonèl nan devlopman, konsepsyon aplikasyon ak amelyorasyon nan pwogram kominikasyon ki pral sipòte devlopman konpetans ki baze sou abilite langaj pou elèv preskolè yo. Kèk anplwaye BPS pral resevwa fòmasyon PD sa a pandan ak apre lekòl. Pwofesè ki resevwa fòmasyon yo pral rapòte yon ogmantasyon 70% nan konpreyansyon sou fason yo konsevwa epi devlope yon pwogram aksesib nan konpetans yo kòm fòmasyon pou sipòte kolèg yo. Objektif ki pa chanje depi sibvansyon ane presedan an.

Endikatè: Ankèt anvan ak apre fòmasyon pou devlopman konesans; amelyorasyon nan finisman program lan; revize zouti evalyasyon kominikasyon an. Sa ta dwe lakòz tou omwen yon diminisyon 1% ranvwa entèvansyon preliminè nan edikasyon espesyal.

Non Sibvansyon an: Tit I
Estati: Nouvo
Kalite Sibvansyon: Dwa
Dat kòmansman ak finisman: 9/01/22 – 31/8/23
Sous finansman: Atravè eta federal
Kontak Donatè a: Julia Foodman, Estrateji ak planifikasyon distribisyon resous
ESE, 75 Pleasant Street, Malden, MA 02148
Telefòn: 781-338-3577
Imèl: jfoodman@doe.mass.edu

Responsab Depatman BPS ak/oswa Lekòl (yo): Nan tout Distri a

Jesyonè Fon BPS: Yvonne Macrae, Direktè Sibvansyon yo

Responsab Depatman/Lekòl la: Nate Kuder, Direktè Finans

Montan Prim Anyèl: \$ 42,190,775

Opsyon ranvwa: Wi

Nimewo elèv apwoksimatif (oswa pwofesè, anplwaye biwo santral) kap sèvi yo: 54,871

Sit: Nan tout distri a

Prensipal Patnè Ekstèn yo: Okenn

Deskripsyon Sibvansyon an

Tit I se yon pwogram dwa federal ki bay lajan pou distri lekòl yo ak lekòl ki gen gwo kantite oswa pousantaj timoun ki defavorize pou sipòte yon varyete sèvis. Objektif jeneral li se asire tout timoun yo gen yon opòtinite jis, egal ak enpòtan pou jwenn bon jan kalite edikasyon epi rive atenn, nan yon minimòm, konpetans nan estanda siksè akademik eta a ak evalyasyon. Sibvansyon an gen dispozisyon pou asire timoun ki defavorize ki enskri nan lekòl prive yo benefisye tou sèvis devlopman akademik ki finance avèk fon Tit I, Pati A.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye Pou

~40% sibvansyon an pral atribye nan lekòl yo baze sou enskripsyon ki prevwa x pousantaj povrete, e ki dwe itilize pou konplete aktivite akademik debaz yo

~3.5% ap atribye bay lekòl prive yo dapre kantite elèv Boston ki kalifye

~23% pral sèvi pou sipòte lekòl ki pa gen bon pèfòmans atravè aktivite tankou Inisyativ Pwogram Ete ak estrateji espesifik atravè Biwo Opòtinite ak Rezilta Diferan, tan aprantisaj pwolonje, chanjman ak transfòmasyon.

~6.5% sibvansyon an pral itilize pou angajman fanmi/kominote

~27% pral itilize pou envèstisman nan nivo distri a pou sipòte lekòl yo atravè aktivite tankou devlopman pwofesyonèl, done, sipò kapital sosyal ak sèvis administratif, ansanm ak benefis pou tout pozisyon endirèk Tit I te finance.

Objektif Espesifik, Mezirab, Atachab, Revalis ak Tan Limite

Apre 44% sibvansyon Tit I ale dirèkteman nan lekòl piblik ak prive. Pou ane fiskal 22 a nou pral kontinye entèvansyon ak sipò pou elèv ak pwofesè ki travay ak elèv ki gen difikilte, nou bay atravè rezèv distri a.

Chanjman, transfòmasyon ak pwogram pandan ete nou an se kèk faktè enpòtan pou atenn priyorite distri Lekòl Piblik Boston yo. Men kat objektif espesifik pou fon rezèv nou yo:

Objektif #1: Pwogram 5yèm Trimès / Akademi Aprantisaj Ete a - Nan apeprè 6,000 elèv k ap patisipe yo, plis pase 80% nan moun ki evalye yo pral kenbe oswa depase ekivalans nivo klas yo nan konpetans alfabetizasyon ak matematik /oswa pèfòmans ki pi wo pase kamarad yo selon evalyasyon pwovizwa distri a; Plis pase 80% patisipan yo pral monte nan pwochen klas la.

Endikatè: Nòt nan evalyasyon pwovizwa distri a, pousantaj pwomosyon nivo klas yo

Objektif #2: Sesyon pandan ete - Plis pase 200 elèv pral patisipe nan pwogramasyon pou omwen 1 jou epi yo pral pase omwen 150 kou ki nesèsè pou gradyasyon nan lekòl segondè yo, elèv ki echwe pandan ane lekòl la.

Endikatè: Pousantaj reyisit pou rekiperasyon kou yo nan lekòl segondè

Objektif # 3: Pwogram 5yèm Trimès / Akademi Aprantisaj Ete - Ogmante devlopman konpetans ak angajman aprantisaj elèv yo.

Endikatè: Zouti NIOST (SAYO-Y ak SAYO-T) pral montre amelyorasyon nan “Konpetans Enèjetik yo”: Panse Kritik, Pèseverans, Relasyon ak oto regleman, ansanm ak endikatè kalite pwogram yo. Elèv yo pral patisipe nan pwogram lan nan yon pousantaj prezans mwayèn chak jou omwen 80%. Endikatè: prezans nan nivo sit la.

Objektif # 4: Biwo Transfòmasyon Lekòl la pral pèmèt 20 lekòl ki gen plan amelyorasyon lekòl konplè pou amelyore pratik yo nan kad Pratik Redresman Massachusetts ki baze sou prèv yo, lè l sèvi avèk yon siveyans pwogrè ak yon sik asistans repons; tout lekòl yo pral demontre kwasans nan omwen de domèn Pratikè jan rapò rechèch kalitatif Enstiti Ameriken pou Rechèch anyèl vizite sit la.

Endikatè: Enstiti Ameriken pou Rechèch Vizit sou sit anyèl rapò rechèch kalitatif la.

Tanpri presize kijan sibvansyon sa a an akò ak angajman (yo), Priorite (yo), Vizyon Estratejik 20/25 distri a. Tanpri enimerè Lis yo anba a:

1.5 Sipòte lekòl yo nan enplemannte yon pratik kiltirèl, lengwistik dirab ak yon Etid Etnik atravè devlopman pwofesyonèl ki konsantre premyèman sou edikatè klas yo, epi answit lòt anplwaye yo.

FÒMILÈ ADMISYON KOMITE LEKÒL LA – BPS23176

Non Sibvansyon an: Tit II-A – Amelyore Kalite Edikatè yo

Estat: Nouvo

Kalite Sibvansyon: Dwa

Dat kòmansman ak finisman: 9/01/22 – 31/8/23

Sous finansman: Atravè eta federal

Kontak Donatè a: Julia Foodman, Estrateji ak planifikasyon distribisyon resous
ESE, 75 Pleasant Street, Malden, MA 02148
Telefòn: 781-338-3577
Imèl: jfoodman@doe.mass.edu

Responsab Depatman BPS ak/oswa Lekòl (yo): Nan tout Distri a

Jesyonè Fon BPS: Charles Grandson, Direktè ekite ak estrateji

Responsab Depatman/Lekòl la: Nate Kuder, Direktè Finans

Kantite prim anyèl: \$ 2,805,462

Opsyon ranvwa: Wi

Nimewo elèv apwoksimatif (oswa pwofesè, anplwaye biwo santral) kap sèvi yo: 54,871

Sit: Nan tout distri a

Prensipal Patnè Ekstèn yo: Okenn

Deskripsyon Sibvansyon an

Finansman Tit II gen entansyon ogmante siksè akademik elèv yo nan amelyore kalite pwofesè ak direktè lekòl la. Sa enkli ogmantasyon kantite pwofesè ki trè kalifye pou klas yo, amelyore konpetans direktè ak asistan direktè yo nan lekòl yo, epi ogmante efikasite pwofesè ak direktè yo. Alokasyon Tit II Ane Fiskal 23 pral kontinye bay nouvo pwofesè yo yon bon depa ak opòtinite avansman pou pwofesè veteran yo epi ankouraje divèsite nan anbochaj atravè efò yo vize nan divèsite ekip kapital sosyal nou an.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye Pou

~48% sibvansyon an pral atribye bay pèsonek k ap travay sou evalyasyon, rekritman ak retansyon, sipò ekip divèsite a, ak jesyon pèfòmans pou Kapital Sosyal BPS la, nan Rekiperyasyon Lekti pou Biwo Akademik la.

~21% yo pral itilize yo pou peye pou alokasyon ak kontra pou inisyativ rekritman preliminè yo ak nouvo pwogram devlopman pwofesè yo.

~13% pral atribye bay lekòl ki pa piblik yo ki baze sou yon pousantaj ekitab pou chak elèv

~15% pral itilize pou sipòte depans pou pwogram nou yo pou rekrite, devlope ak fòme yon gwoup pwofesè ki reflekte divèsite rasyal, kiltirèl ak lengwistik elèv Boston nou yo

~3% pral itilize pou depans endirèk.

Objektif Espesifik, Mezirab, Atachab, Revalis ak Tan Limite

Objektif #1: Devlopman Nouvo Pwofesè yo- Nan ane fiskal 2023, Pwogram Devlopman Nouvo Pwofesè a pral bay tout edikatè premye ane yo sipò nan lekòl yo lè li regwoupe yo ak konseye ki gen eksperyans epi Devlopè Nouvo Pwofesè yo aplentan.

Endikatè: 82% nan nouvo pwofesè yo pral evalye konsèy, ankadreman ak devlopman pwofesyonèl efikas yo resevwa

Objektif #2: Inisyativ pou rekritman preliminè - Sipòte efò rekrutman inisyas nan lekòl BPS yo jan yo mezire dapre lekòl ki ranpli omwen 80% nan travay ki te afiche nan dat 1ye mas, anvan 1ye jen. Asire lekòl BPS ki pi ba yo atenn oswa depase mwayèn distri a.

Endikatè: done ranplisaj travay TalentEd yo

Objektif #3: Evalyasyon - Pandan ane lekòl 2022-23 a, 95% pwofesè ak administratè yo pral resevwa evalyasyon pèfòmans alè epi dapre regleman eta a.

Endikatè: evalyasyon fòmatif ak evalyasyon somatif.

Objektif #4: Inisyativ Divèsite - Pandan sezon rekritman 2022-23 la, 25% pwofesè ki pral rekrute pou pwochen ane eskolè yo pral idantifye tèt yo kòm nwa e 45% ki pral rekrute pou pwochen ane lekòl yo pral idantifye tèt yo kòm moun ki gen koulè.

Endikatè: Deklarasyon volontè anplwaye yo

Tanpri presize kijan sibvansyon sa a an akò ak angajman (yo), Priorite (yo), Vizyon Estratejik 20/25 distri a. Tanpri enimerè Lis yo anba a:

1.2 Rekrute epi kenbe yon mendèv ki reflekte divèsite rasyal, etnik ak lengwistik elèv ak fanmi nap sèvi yo.

1.5 Sipòte lekòl yo nan enpleman yon pratik kiltirèl, lengwistik dirab ak yon Etid Etnik atravè devlopman pwofesyonèl ki konsantre premyèman sou edikatè klas yo, epi ansuit lòt anplwaye yo.

5.1 Anboche, sipòte, epi kenbe yon mendèv nan chak nivo ki reflekte divès kilti ak lang elèv nou yo; epi adrese baryè estriktirèl ki afekte anplwaye ak edikatè koulè yo

FÒMILÈ ADMISYON KOMITE LEKÒL LA – BPS23272

Non Sibvansyon an: Tit III
Estati: Nouvo
Dat kòmansman ak finisman: 1ye septanm 2022 – 31 out 2023
Sous finansman: Atravè eta federal
Kontak Donatè a: Julia Foodman, Estrateji ak planifikasyon distribisyon resous
DESE, 75 Pleasant Street, Malden, MA 02148
Telefòn: 781-338-3577
Imèl: jfoodman@doe.mass.edu

Dirijan Depatman BPS ak/oswa Lekòl (yo): Biwo Pou Elèv Anglè yo

Jesyonè Fon BPS: Siveyan adjwen akademik

Direktè depatman/ Lekòl la: Drew Echelson, Siveyan Akademik Adjwen

Montan Prim Anyèl: \$2,201,482

Kantite prim total (si peryòd sibvansyon plis pase yon ane): \$2,201,482

Opsyon repò: Non

Nimewo apwoksimatif elèv (oswa pwofesè, anplwaye biwo santral) yo sèvi: EL ki elijib pou sèvis Tit III se moun ki pa fè pwogrè anyèl adekwa epi ki bezwen sipò adisyonèl ak akizisyon lang anglè ak kontni akademik nivo klas yo. Kòm sa yo prevwa Tit III EL yo konte pou Ane Lekòl 22-23, apeprè 60% EL K2-12 distri a, dapre kantite EL ki pa t atenn nivo referans pwogrè DESE nan evalyasyon ACCESS 2021 an.

Sit: nan tout distri a

Deskripsyon Sibvansyon an

Tit III Lwa sou Edikasyon Elemantè ak Segondè bay lajan siplemantè pou amelyore edikasyon elèv k ap aprann lang anglè (ELs), ki gen ladan timoun ak jèn imigran yo, lè li ede timoun ak jèn yo aprann anglè epi satisfè kontni akademik eta ak kritè siksè akademik elèv yo. Priorite ak aktivite obligatwa pou sibvansyon fòmilè yo se pou: ogmante konpetans anglè ak reysit akademik nan matyè debaz elèv k ap aprann anglè lè yo bay pwogram ansèyman lang ki gen bon jan kalite ak ansèyman nan domèn kontni; devlope, aplike, epi bay opòtinite anvan lekòl, apre lekòl, wikenn, ak ete pou ansèyman anglè ak kontni akademik pou elèv EL; bay bon jan kalite devlopman pwofesyonèl tankou sa ki ta ka amelyore konpetans ak konesans pwofesè klas yo pou bay ansèyman ki efikas ak pou matyè yo ak lang anglè

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peve Pou

~25% nan sibvansyon pral konsakre pou bay sèvis siplemantè dirèk pou EL Tit III yo sou fòm pwogram ete ak lòt pwogram deyò lekòl yo (ki gen ladan pri bous pwofesè yo, kontra CBO, ak materyèl)

~39% sibvansyon an pral bay lekòl yo bon jan kalite devlopman pwofesyonèl (PD ansèyman ki adapte ak bezwen lekòl atravè Espesyalis Anseyman EL).

~32% nan sibvansyon an pral resevwa sèvis dirèk ak lòt sipò bay fanmi EL yo (espesyalis Resous Fanmi EL, Pwogram Alfabetizasyon Paran ak klas ESOL paran yo).

Yo pral bay ~2% nan sibvansyon an pral konsakre pou bay lekòl prive k ap patisipe yo sèvis ekitab dapre to \$160 pou chak elèv.

~2% sibvansyon an pral afekte pou kouvri depans endirèk, maksimòm ki otorize dapre kondisyon sibvansyon an.

Objektif Espesifik, Mezirab, Atachab, Revalis ak Tan Limite

Objektif #1: Swiv pwogrè elèv yo nan kontni debaz ak ESL pou 100% elèv k ap patisipe nan pwogram Tit III a. Objektif swiv pwogrè elèv yo pral pèmèt distri a evalye efikasite pwogram Tit III a.

Endikatè: Nòt anvan ak apre evalyasyon an nan kontni debaz ak ESL; AKSÈ ak MCAS.

Objektif #2: Konpetans elèv yo nan kontni prensipal yo /oswa ESL ap ogmante de 8-10% pou tout patisipan nan tout Pwogram Siplemanntè; Ete, apre lekòl, elatriye. Sa a pral evalye nan pwogram debaz komen an nan nivo klas yo atravè evalyasyon anvan ak apre yo.

Endikatè: Nòt anvan ak apre evalyasyon nan kontni debaz ak ESL.

Objektif #3: Ogmante patisipasyon fanmi Elèv k ap aprann anglè yo nan sipò ki gen rapò ak COVID ozalantou teknoloji, sipò elèv yo ak aktivite angajman kominotè a nan 15% atravè tout gwoup lang yo.

Endikatè: Konparezon yon ane ak ane pwogram yo

Tanpri presize kijan sibvansyon sa a an akò ak angajman (yo), Priorite (yo), Vizyon Estratejik 20/25 distri a. Tanpri enimerè Lis yo anba a:

1.4 Egzekite sipò espesifik pou elèv k ap aprann anglè lè yo aplike Lwa LOOK la pou elaji pwogram ki ankouraje bileng/miltiling ki gen ladan edikasyon bileng, de lang ak pwogram eritaj kiltirèl yo.

4.1 Finanse tout lekòl yo yon fason ki satisfè bezwen inik elèv yap sèvi yo ak konsiderasyon yo bay elèv k ap aprann anglè, elèv ki gen andikap, elèv ki defavorize ekonomikman, elèv ki gen risk pou yo abandone lekòl, jèn ki deskolarize ak lòt gwoup ki istorikman majinalize yo.

Non Sibvansyon an: Tit IV
Estati: Nouvo
Kalite Sibvansyon: Dwa
Dat kòmansman ak finisman: 1ye septanm 2022 – 30 jen 2023
Sous finansman: Atravè eta federal
Kontak Donatè a: Julia Foodman, Estrateji ak planifikasyon distribisyon resous
ESE, 75 Pleasant Street, Malden, MA 02148
Telefòn: 781-338-3577
Imèl: jfoodman@doe.mass.edu

Responsab Depatman BPS ak/oswa Lekòl (yo): Nan tout Distri a

Jesyonè Fon BPS: Yvonne Macrae, Direktè Sibvansyon yo

Responsab Depatman/Lekòl la: Nate Kuder, Direktè Finans

Montan Prim Anyèl: \$3,077,915

Kantite prim total (si peryòd sibvansyon plis pase yon ane):

Opsyon repò: Non

Nimewo elèv apwoksimatif (oswa pwofesè, anplwaye biwo santral) kap sèvi yo: 54,871

Sit: Nan tout distri a

Prensipal Patnè Ekstèn yo: Okenn

Deskripsyon Sibvansyon an

Tit IVA se yon pwogram dwa federal ki bay distri lekòl yo lajan pou sèvis sipleman tè/oswa sipò ki adrese youn oswa plis nan twa domèn priyorite sa yo: aksè edikasyon ki konplè, amelyore kondisyon aprantisaj lekòl yo pou asire sekirite ak sante elèv yo, epi sipòte itilizasyon efikas teknoloji. Lajan yo ka itilize, men yo pa limite ak sa ki annapre yo: sèvis dirèk, devlopman pwofesyonèl, salè, ak materyèl/founiti.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye Pou

~86% sibvansyon ki pral itilize pou finanse patnè distri a tankou Boston Debate League, Mass Insight ak Private Industry Council, yo tout konsantre sou objektif prensipal Tit IV la pou jwenn aksè edikasyon konplè ak lekòl ki san pwoblèm.

~13% sibvansyon an pral itilize pou finanse patisipasyon ekitab elèv ak edikatè lekòl prive yo ki nan limit distri a pou pwogram ak sèvis ki finanse federalman selon Tit IVA.

~1% sibvansyon an pral itilize pou finanse depans endirèk yo.

Objektif Espesifik, Mezirab, Atachab, Reyalis ak Tan Limite

Objektif #1: BPS pral pase yon kontra avèk Boston Debate League pou òganize 12 tounwa deba nan tout vil la pou lekòl presegondè ak segondè Lekòl Piblik Boston, ansanm ak devlopman pwofesyonèl ak sipò rezo pou antrenè deba yo. Envestisman sa a pral pèmèt Ekip Deba nan tout lekòl BPS yo kapab patisipe nan gwo tounwa deba yo, yon eleman esansyèl nan modèl deba Lekòl Piblik Boston ki trè efikas.

Endikatè: Done prezans elèv yo ak evalyasyon distri a

Objektif #2: Lekòl Piblik Boston (BPS) pral fè kontra ak Konsèy Endistri Prive Boston (PIC) pou bay aktivite konsyantizasyon karyè, fòmasyon preparasyon pou travay, opòtinite travay ak estaj, ak devlopman konpetans pwofesyonèl elèv yo, kolabore sou gradye BPS yo ak yon long etid epi sondaj swivi leta obligatwa pou elèv CTE yo, epi devlope patenarya ant lekòl segondè yo ak anplwayè yo. Anplis de sa, PIC a pral bay sèvis

rekiperasyon elèv yo atravè sant reyngajman BPS la. PIC a pral travay avèk Biwo Lekòl Segondè BPS la pou konfigirasyon estrikti pèsònèl espesyalis karyè yo pou sipòte lekòl patnè ki egziste deja yo. Anplis de sa, PIC pral travay ak Biwo Enfòmasyon ak Enstriksyon Teknolojik pou devlope epi plase estajye teknoloji espesyalize nan kèk lekòl segondè.

Endikatè: Done prezans elèv yo ak evalyasyon distri a

Objektif #3: Lekòl Piblik Boston pral fè yon kontra avèk yon òganizasyon pou opere yon Pwogram Siveyans ak Konsèy pou Jèn Gason ki baze sou prèv pou gason lekòl fondamantal ak segondè yo. Pwogram nan pral fonksyone nan yon lekòl, pandan jounen lekòl la ak nan tout lekòl la. Pwogram nan pral ofri kèk sesyon gwoup ki baze sou done klinik ki reyini yon fwa chak semèn ak yon gwoup 12-15 elèv sou yon peryòd de ane epi travay atravè yon pwogram ki enkòpore aspè nan terapi kognitif konpòtmantal, devlopman jèn ak konseye. Pwogram sipò sosyal emosyonèl nan lekòl yo ede jèn gason ki gen risk nan lekòl presegondè ak segondè.

Endikatè: Sondaj sou byennèt elèv ak edikatè lekòl yo

Tanpri presize kijan sibvansyon sa a an akò ak angajman (yo), Priyorite (yo), Vizyon Estratejik 20/25 distri a. Tanpri enimerè Lis yo anba a:

2.7 Fè chak lekòl tounen yon espas ki an sekirite pou chak elèv, ki ofri sipò ak pwoteksyon ki nesèsè pou aprann, grandi epi pwospere.

4.1 Finanse tout lekòl yo yon fason ki satisfè bezwen inik elèv yap sèvi yo ak konsiderasyon yo bay elèv k ap aprann anglè, elèv ki gen andikap, elèv ki defavorize ekonomikman, elèv ki gen risk pou yo abandone lekòl, jèn ki deskolarize ak lòt gwoup ki istorikman majinalize yo.

Non Sibvansyon an: Tan Massachusetts Elaji nan Aprantisaj

Estat: Nouvo

Kalite Sibvansyon: Konpetitif

Dat kòmansman ak finisman: 1ye septanm 2022 – 30 jen 2023

Sous finansman: Eta

Kontak Donatè a: Moira Connolly
75 Pleasant Street Malden MA 02148-4906
Telefòn: 781-338-6234
Imèl: mconnolly@doe.mass.edu

Responsab Depatman BPS /oswa Lekòl (yo): Biwo Opòtinite Aprantisaj Pwolonje ak Patenarya
Jesyone Fon BPS: Kenyia Elisa-McLaren, Direktè anvan ak apre pwogram lekòl yo

Direktè Depatman/Responsab lekòl la: Alba Cruz-Davis, Direktè Egzekitif
Biwo Opòtinite Aprantisaj Pwolonje ak Patenarya
Anne Clark, Direktè, Boston Arts Academy

Kantite prim anyèl: \$638,523
BPS23310: SY 2022-2023 = \$607,834
BPS24310S: Ete 2023 = \$30,689

Kantite prim total (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): N/A - chak ane bezwen yon nouvell pwolongasyon.

Opsyon Rapò a: Non

Kantite elèv apwoksimatif (oswa pwofesè, anplwaye biwo santral) kap sèvi yo: 467

Sit: Akademi Atistik Boston

Prensipal Patnè ekstèn yo: A-Net, City Connects, MassArt, Commonwealth Shakespeare Company, United Way, Boston After School and Beyond.

Deskripsyon Sibvansyon an

Inisyativ Massachusetts Expanded Learning Time se yon pwogram ki pèmèt lekòl yo ranfòse siyifikativman lè ak jou orè lekòl yo pou kreye eksperyans aprantisaj entegre pou tout elèv ki reponn ak bezwen elèv yo ak atant ki pi gwo lwa leta ak federal yo fikse. Orè lekòl ki pi long yo pèmèt chak lekòl amelyore siksè elèv yo, epi tou pou motive ak angaje elèv yo nan: (1) Bay plis tan ansèyman matematik, alfabetizasyon, syans ak lòt matyè debaz pou pèmèt elèv yo atenn nòm eta a; (2) Entegrasyon devlopman ak opòtinite aprantisaj aplike nan jounen lekòl la ki konpleman ak aliman oswa estanda eta a ak konpetans 21yèm syèk la; epi (3) Pwograme ak òganize plis tan pou planifikasyon, analiz, konsepsyon leson ak devlopman pwofesyonèl pwofesè yo, nan kèk ka, pwofesyonèl ki soti nan òganizasyon kominotè ki gen patenarya yo.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye Pou

Apre 86% sibvansyon ki pral finanse salè anplwaye lekòl yo ak alokasyon ki merite pou pran retrèt.
Apre 11% sibvansyon pral finanse sèvis kontra ki soti nan patnè yo pou bay plis opòtinite aprantisaj ak ranfòsman
Apre 3% sibvansyon pral ale nan kontribisyon endirèk distri a ki nesè nan tout sibvansyon an.

Objektif Espesifik, Mezirab, Atachab, Reyalis ak Tan Limite

Objektif #1: Nan mwa jen 2023, 78% elèv 9yèm ane nan Boston Arts Academy pral jwenn yon nòt 85% oswa plis nan kritè ekriti yo; 80% nan elèv klas 10yèm ane pral jwenn yon nòt 85% oswa plis nan pi gwo kritè ekriti yo; 80% nan elèv klas 11yèm ane yo pral jwenn yon nòt 85 oswa plis nan pi gwo kritè ekriti yo; epi 85% elèv klas 12yèm ane pral jwenn yon nòt 85 oswa plis nan pi gwo kritè ekriti yo.

Endikatè: Kritè ekriti ak mezi komen ki gen ladan estrikti, fòs lide yo, gramè, chwa mo ak vwa. Referans 9yèm ane: memwa, Kritè 10yèm ane: Evalyasyon Pwovizwa MCAS, Kritè 11yèm ane: Hum 3 Referans, Kritè 12yèm ane: redaksyon inivèsitè.

FÒMILÈ ADMISYON KOMITE LEKÒL LA - BPS23347

Non Sibvansyon an:

Sant Aprantisaj Kominotè 21yèm Syèk - Pwolongasyon Sibvansyon an

Estat: Nouvo

Kalite Sibvansyon: Konpetitif

Dat kòmansman ak finisman: 1ye septanm 2022 – 31 out 2023
gen ladan finansman pwogram ete FY24

Sous finansman: Atravè eta federal

Kontak Donatè a: Karyl Resnick
Biwo Sipò Elèv ak Fanmi yo
Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè MA
75 Pleasant Street
Malden, MA 02148
781-338-3515
karyl.a.resnick2@state.ma.us

Responsab Depatman BPS /oswa Lekòl (yo): Biwo Opòtinite Aprantisaj Pwolonje ak Patenarya
Jesyonè Fon BPS: Kenyia Elisa-McLaren, Direktè anvan ak apre pwogram lekòl yo

Direktè Depatman/Responsab lekòl la: Alba Cruz-Davis, Direktè Egzekitif
Biwo Opòtinite Aprantisaj Pwolonje ak Patenarya

Montan Prim Anyèl: \$471,366

Kantite prim total (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): N/A

Opsyon ranvwa: Non

Kantite elèv apwoksimatif (oswa pwofesè, anplwaye biwo santral) kap sèvi: 400 elèv

Sit: Akademi Entènasyonal ak Nouvo yo nan Boston, (\$148,750)
Lekòl Thomas Edison K-8 (\$148,750)
Lekòl K-8 Eliot Innovation (\$153,866 Ane Lekòl & \$20,000 pandan ete a)

Prensipal Patnè Ekstèn yo: Yoga 33 Degre, Level Ground, Hip Hop Agora

Deskripsyon Sibvansyon an

Objektif sibvansyon 21^{yèm} CCLC finanse l federalman pou sipòte aplikasyon plis tan aprantisaj atravè pwogram lè deyò lekòl (OST) /oswa atravè yon jounen elaji yo rele tan aprantisaj elaji oswa ELT. Pwogramasyon yo fèt pou ede yo konble diferans konpetans/opòtinite yo, ogmante angajman elèv yo, sipòte aprantisaj sosyal ak emosyonèl, epi ankouraje preparasyon pou inivèsite, karyè epi siksè. Pwogram sa a pral ranfòse ansèyman elèv yo, eksperyans ki baze sou pwojè /oswa aprantisaj sèvis yo, ak opòtinite pou devlopman akademik ak opòtinite ranfòsman akademik OST nan kalite siperyè. Pwogram sa yo pral angaje tou ak divès patnè kominotè pou sipòte aprantisaj elèv yo, ansanm ak devlopman sosyal/emosyonèl ak fizik.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye Pou

~60% salè siplemantè pwofesè yo

~27% kontra sèvis pou patnè yo (33 Degre Yoga, Hip Hop Agora, Level Ground)

~10% founiti edikatif ak divès kalite

~3% depans endirèk

Objektif Espesifik, Mezirab, Atachab, Reyalis ak Tan Limite

Objektif #1: Elèv k ap patisipe yo pral montre omwen 5% kwasans Lidèchip ant pwogram Otòn ak Prentan yo sou rezilta akademik etidyan ak sondaj jèn yo.

Endikatè: SAYO done anvan ak apre done evalyasyon

Objektif #2: Elèv ki enskri yo pral ale nan yon minimòm de 80 èdtan pwogram apre lekòl (Frederick ak Hennigan OST sèlman).

Endikatè: Done prezans pwogram nan

Objektif #3: Elèv k ap patisipe yo pral montre omwen 5% kwasans nan Panse Kritik ant sondaj Otòn ak Prentan sou Rezilta Elèv ak Jèn yo.

Endikatè: SAYO done anvan ak apre done evalyasyon

FÒMILÈ ADMISYON KOMITE LEKÒL LA – BPS23466

Non Sibvansyon an:

Sant aprantisaj kominotè 21yèm syèk la – Egzanplè

Estat: Nouvo

Kalite Sibvansyon: Konpetitif

Dat kòmansman ak finisman: 1ye septanm 2022 – 31 out 2023
(Ane Lekòl 22-23 ak Ete 2023)

Sous finansman: Atravè eta federal

Kontak Donatè a: Karyl Resnick
Biwo Sipò Elèv ak Fanmi yo
Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè MA
75 Pleasant Street · Malden, MA 02148
Telefòn: 781-338-3515
Imèl: KResnick@doe.mass.edu

Dirijan Depatman BPS /oswa Lekòl (yo): Biwo Opòtinite Aprantisaj Avanse ak Patenarya
Jesyonè Fon BPS: Kenyia Elisa-McLaren, Direktè anvan ak apre pwogram lekòl yo

Direktè Depatman/Responsab lekòl la: Alba Cruz-Davis, Direktè Egzekitif
Biwo Opòtinite Aprantisaj Pwolonje ak Patenarya

Kantite prim anyèl: \$148,750

Kantite prim total (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): N/A

Opsyon ranvwa: Non

Kantite elèv apwoksimatif (oswa pwofesè, anplwaye biwo santral) kap sèvi: 90 elèv

Sit: Lekòl Fondamantal Lila G. Frederick Pilot

Prensipal Patnè Ekstèn yo: City Year

Deskripsyon Sibvansyon an

Objektif sibvansyon 21^{yèm} CCLC finanse federalman pou sipòte aplikasyon plis tan aprantisaj atravè pwogram lè deyò lekòl (OST) /oswa atravè yon jounen elaji yo rele tan aprantisaj pwolonje (ELT). Pwogramasyon yo fèt pou ede yo konble diferans konpetans/opòtinite yo, ogmante angajman elèv yo, sipòte aprantisaj sosyal ak emosyonèl, epi ankouraje preparasyon pou inivèsite, karyè epi siksè. Pwogram sa a pral ranfòse ansèyman elèv yo, eksperyans ki baze sou pwojè /oswa sèvis aprantisaj, ak opòtinite pou devlopman akademik; epi tou bay bon jan kalite opòtinite ranfòsman akademik deyò lè lekòl la. Pwogram sa yo pral angaje tou ak divès patnè kominotè pou sipòte aprantisaj elèv yo, ansanm ak devlopman sosyal/emosyonèl ak fizik.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye Pou

~60 sèvis kontra pou patnè yo

~30% salè ak avantaj administratè sosyal yo
~10% founiti edikatif ak divès kalite

Objektif Espesifik, Mezirab, Atachab, Reyalis ak Tan Limite

Objektif #1: Elèv k ap patisipe yo pral montre omwen 5% kwasans nan Pèseverans ant pwogram Otòn ak Prentan akademik etidyan ak sondaj sou rezilta jèn yo.

Endikatè: SAYO done anvan ak apre done evalyasyon an

Objektif #2: Elèv ki enskri yo pral ale nan yon minimòm 80 èdtan pwogram apre lekòl.

Endikatè: Done prezans pwogram nan

Objektif #3: Elèv k ap patisipe yo pral montre omwen 5% kwasans nan Panse Kritik ant sondaj Otòn ak Prentan sou Rezilta Elèv ak Jèn yo.

Endikatè: SAYO done anvan ak apre done evalyasyon an

Non sibvansyon: Sibvansyon enkatè pou inivèsite preliminè

Estat: Nouvo

Kalite Sibvansyon: Konpetitif

Dat kòmansman ak finisman: 9/1/2022-30/06-2023

Sous Finansman: Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè

Kontak Donatè a: Kristin Hunt

Adrès Donatè a: 75 Pleasant Street, Malden, MA

Telefòn Donatè a: (781) 338-3000

Imèl Sibvansyonè a: Kristin.E.Hunt@mass.gov

Dirijan Depatman BPS /oswa Lekòl (yo): Biwo Lekòl Segondè

Manadjè Pwogram BPS: Lydia Emmons, Direktè Pwogram Early College

Chèf Depatman/Lidè Lekòl la: Lydia Emmons, Direktè Pwogram Early College

Kantite prim anyèl: Kantite prim total (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): \$ 120,000

Opsyon ranvwa: Non

Kantite elèv apwoksimatif (oswa pwofesè, anplwaye biwo santral) ki te sèvi: Okenn pandan 1 ane, plan finansman sèlman

Sit:

Ki jan yo chwazi sit sa yo?

Prensipal Patnè ekstèn yo (si genyen): Roxbury Community College

Objektif:

Atravè sibvansyon an, DESE ap chèche konstwi modèl inovatè Early College ki pral ranfòse siyifikativman kantite elèv ki pa reprezante k ap sèvi nan Commonwealth la. Lekòl Piblik Boston ak Roxbury Community College pral angaje pou yon ane nan planifikasyon pou devlope yon modèl Early College Consortium. Vizyon Early College Consortium nan Roxbury Community College se pou chak elèv 10-12yèm ane BPS jwenn aksè nan travay ak inivèsite yo.

Rezilta yo vle:

1. Ogmante kolaborasyon ant pwofesè BPS ak RCC ak lidèchip pou konsepsyon yon modèl inovatè Early College nan tout distri a
2. Devlope Pakou Etid Siperyè ak karyè atravè BPS
3. Etabli nan kad ansèyman ak sipò konplè pou asire elèv ki pa reprezante yo, espesyalman elèv k ap aprann anglè ka jwenn aksè epi pèsiste nan chemen EC a.

Objektif Espesifik, Mezirab, Atachab, Reyalis ak Tan Limite

Objektif #1: Konvoke yon komite planifikasyon miltifonksyonèl ki konpoze ak pwofesè BPS ak RCC pou elabore yon pwogram akademik preliminè nan tout distri a pou rankontre chak mwa ant septanm 2022- jen 2023

Endikatè: Fòmilè prezans reyinyon/fèy pou siyen, nòt planifikasyon, ajanda.

Objektif #2: Nan mwa jen 2023 ranpli epi soumèt yon pwopozisyon bay ekip DESE Early College pou pilote pwogram Early College nan ane lekòl 2024

Endikatè: Plan pilòt pwogram Early College te elabore epi li soumèt bay Komite konsiltatif Early College la.

Tanpri presize kijan sibvansyon sa a an akò ak Angajman (yo), Priyorite (yo) Vizyon Estratejik 20/25 distri a. Tanpri endike yo anba a: (gade dokiman ki anekse a – ale nan (paj 59)

Kreyasyon yon chemen Early College bay tout elèv nou yo edikasyon ki enpòtan, otantik epi apwofondi. Atravè pwogram sa yo nou chèche ogmante aksè nan travay kou inivèsite yo pou tout elèv Lekòl Piblik Boston yo. Ane planifikasyon fasilite nou an pral ede nou konstwi estrikti, anviwònman ak pratik ki abòde pwoblèm preparasyon inivèsite, aksè ak sipò yo. Sa reflekte dirèkteman ak Vizyon Estratejik 20/25 distri a paske li kreye opòtinite ekitab pou jèn yo pouswiv bon jan kalite inivèsite ak karyè

Ranfòse Aprantisaj 2.1 "Redefi Lekòl Segondè"- an koòdinasyon ak angajman ak priyorite "Ranfòse Aprantisaj" yo idantifye nan Vizyon Estratejik 20/25 la, pwogram Early College ki fèt pou vin yon pwogram pilòt elaji pandan ane ki pase yo pou Fenway toujou kapab ofri elèv li yo bon kalite kou.

Patenarya aktif 6.4 "Sansibilizasyon Inivèsite ak konsyantizasyon karyè" - an koòdinasyon ak angajman ak priyorite "Patenarya Aktif" yo idantifye nan Vizyon Estratejik 20/25 la, pwogram Early College la pral kreye patenarya ak Roxbury Community College, pou kreye opòtinite pou elèv yo angaje nan kou inivèsite yo ak sipè entegral.